

ETA NOUYÒK
BIWO POU SÈVIS TIMOUN AK FANMI.
PLAN JESYON KONPÒTMAN
Pwogram Gadri

Non Founisè Swen Sante/Direktè a: _____ Nimewo Idantifikasyon Etablisman an: _____
Non Pwogram lan: _____ Dat: ____ / ____ / ____

Yo kapab itilize fòm sa a pou reponn ak egzijans regilasyon an pou soumèt yon plan alekri pou jesyon konpòtman bay biwo an. Ou kapab chwazi itilize fòm sa a pou reponn ak egzijans sa a, oswa soumèt yon lòt solisyon ki akseptab.

Enfòmasyon ki gen valè disponib apati resous gadri ki nan rejyon an ansanm ak ajans rekòmandasyon ak lòt resous yo. Epitou enfòmasyon disponib sou sitwèb ajans lan: ocfs.ny.gov.

Pwogram lan genyen responsabilite pou fòme tout manm estaf lan sou plan sa a pandan rekritman epi selon bezwen. Pwogram lan dwe bay kopi plan sa a ak tout manm estaf lan ansanm ak paran timoun yo ki enskri nan pwogram lan.

- Se sèlman direktè an, pwofesè gwoup, asistan pwofesè, founisè, ranplasan, epi/oswa asistan ki kapab korije yon timoun.
- Pwogram lan dwe aplike tout règleman ak konsistans epi yon fason apwopriye ansanm ak laj timoun yo epi nivo devlopman ak kapasite yo.
- Tout aksyon disiplinè yo itilize pral fèt selon aksyon timoun lan epi aplike san okenn delè ki pwolonje.
- Yon timoun ka separe pandan yon ti moman ak gwoup lan, men, se sèlman pandan ase tan pou li pran kontwòl tèt li epi yo dwe siveye li, sipèvizè epi yon direktè, pwofesè gwoup, asistan pwofesè, founisè, ranplasan, ak/oswa asistan sipòte.
- Li entèdi pou kale.
- Yo pa kapab mete okenn timoun nan yon sal apa, koulwa, plaka, zòn fènwa, espas jwèt oswa okenn lòt kote yo pa kapab wè yon timoun, oswa sipèvizè.
- Li entèdi pou kenbe oswa itilize manje, repo oswa somèy antanke yon pinisyon.
- Metòd disiplin, entèraksyon oswa aprantisaj pwòpte k ap fè pè, rabese oswa imilye yon timoun entèdi.
- Tout abi oswa yon move trètman yon timoun, kit se yon ensidan disiplin oswa lòt bagay, totalman entèdi. Tout pwogram gadri pa dwe tolere oswa apwouve sou okenn fòm yon abi oswa neglijan sou yon timoun yon anplwaye, volontè, tout moun ki anba kontwòl pwogram lan fè.
- Li entèdi pou fè presyon fizik.

Pandan w soumèt fòm sa a, pwogram nou an chwazi aplike epi suiv plan sa a pou jere konpòtman, epi li pral ajoute tout enfòmasyon adisyonèl jan sa nesèsè.

Yo pral itilize teknik ankadreman timoun ki akseptab sa yo (tcheke tout sa ki aplikab yo):

- Redireksyon Nan yon konfli, bay yon lòt jwèt oswa aktivite ak youn nan timoun k ap goumen pou jwèt lan. Genyen plizyè jwèt ki popilè.
- Konsantre sou "Fè" olye "Pa Fè." Pa egzanp, "N ap mache andedan" olye "Sispann kouri andedan."
- Ofri li kèk bagay pou li chwazi: "Ou kapab swa chita sou tapi a oswa sou tab lan nan moman istwa."
- Ankouraje timoun yo itilize mo janti olye jès fizik. Pa egzanp, sijere pou itilize fraz, "Mwen t ap jwe ansanm ak jwèt sa a."
- Felisite lè yo gen bon konpòtman. "Mèsi paske w itilize mo pa ou."
- Adopte konpòtman ki akseptab yo pou timoun ka aprann ak egzanp.
- Òganize espas pwogram lan pou gen yon enpak pozitif sou konpòtman timoun lan. Pa egzanp, evite gwo espas ki vid ki ka ankouraje timoun lan kouri deyò.
- Tande sa timoun lan gen pou di w epi reponn ak bezwen li yo san pèdi pou reyalize objektif li genyen yo. Kenbe timoun yo okipe ansanm ak aktivite ki pral anpeche gen konfli.
- Pou timoun ki nan preskolè epi ki gen laj pou ale lekòl, enplike timoun yo nan devlopman règ salklas la ak konsekans yo.
- Lòt (tanpri dekri)

Si sa aplikab, tanpri ajoute nenpòt lòt enfòmasyon selon plan jesyon konpòtman.